

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Kegiatan kreatif nu dilakukeun ku sastrawan sanggeus nyaksian fenomena atawa kajadian di lingkungan sabudereunana disebut sastra. Kamekaran karya sastra geus kawilang maju. Ieu hal katitén dina hasil karya sastra anu geus diterbitkeun boh nu mangrupa prosa, puisi, essey, novel, atawa drama. Nurutkeun Iskandarwasid (2003, kc. 138), karya sastra téh mangrupa karya seni anu digelarkeunana ngagunakeun alat basa. Istilah sastra ogé bisa dihartikeun titiron atawa gambaran kahirupan tina imajinasi kana wangun struktur-struktur basa. Basa nu digunakeun dina novel miboga ma'na denotatif (nu sabenerna), nepi ka ma'na dina tiap-tiap kalimah anu aya dina novel katempo pisan nyatana. Minangka karya seni, sastra salawasna napak dina usaha ngolah unsur-unsur kaéndahan. Tina ngolah unsur-unsur kaéndahan, karya sastra nimbulkeun kasugemaan rasa, kasugemaan émosional, kasugemaan batinia; awor antara efék basa (alatna, cangkangna) jeung eusina. Sakumaha nu geus ditétélakeun ku Tarigan (1993 kc.3), yén wilayah sastra ngawengku kaayaan manusa nu teu leupas tina pangaruh perasaan, pikiran, jeung pangaweruh.

Karya sastra lahir tina ungkapan atawa *ekspresi* nu nyangkaruk dina jiwa, tuluy diolah sacara jero ngaliwatan proses *perenungan*. Nilik kana wandana, karya sastra téh aya tilu rupa nya éta: puisi, prosa, jeung drama. Minangka salasihiji wanda prosa, novel mangrupa prosa rékaan (fiksi) nu naratip (ngawujud lalakon), umumna panjang sarta galur caritana panjang tur kompléks (ngarancabang) (Iskandarwassid, 2003, kc. 93). Novel nu hadé nya éta novel nu bisa mawa nu maca asup kana ruang imaginèr.

Salaku salasihiji wanda karya sastra, nurutkeun Sumardjo jeung Saini K.M. (dina Suci, 2013 kc. 1) prosa téh dibagi jadi tilu wanda, nya éta novel atawa roman, carita pondok, jeung novelét (novel pondok). Tiluanana miboga unsur fiksi anu sarua, nu béda ngan dina takeranana wungkul. Novel diwangun ku unsur

intrinsik jeung unsur ekstrinsik. Unsur intrinsik nya éta unsur-unsur formal anu nyangkaruk dina jero karya sastra nu ngawangun eusi carita. Unsur-unsurna nya éta téma, alur atawa *plot*, penokohan, jeung *setting*. Sedengkeun unsur ekstrinsik nya éta unsur anu aya disaluareun téks anu mangaruhan kana eusi carita. Éta unsur téh nya éta psikologi, sosiologi, filsafat, jeung biografi pangarang.

Pikeun ngaaprésiasi karya sastra loba pisan carana, teu saeutik disiplin élmu séjén di saluareun sastra nu ngaaprésiasi karya sastra. Salasahiji disiplin élmu anu mangaruhan kana karya sastra nya éta psikologi. Kahirupan hiji jalma bisa kapanggih dina novel ngaliwatan penokohan. Nalika maca karya sastra, boh novel, boh carpon atawa karya sastra lianna, dina enas-enasna miboga udagan pikeun ngararasakeun atawa ngalenyepan, ngaaprésiasi, jeung ngaévaluasi karya. Ieu hal écés pisan yén nu maca geus pasti langsung museur kana tokoh jeung penokohan nu aya dina karya sastra nu dibacana. Éta Para tokoh rékaan téh ngagambarkeun rupa-rupa watek jeung paripolah nu aya patalina jeung *kejiwaan*, pangalaman psikologis, atawa konflik-konflik anu karandapan ku manusa dina kahirupan nyata.

Analisis penokohan raket pisan jeung wangenan diri individu jeung kapribadianana. Kapribadian nu dipiboga ku para tokoh dina carita miboga daya irut pikeun ditalungtik. Luyu jeung pamadegan Harjana (dina Husna, 2012, kc.3), nu nétélakeun yén karya sastra dianggap salaku objék psikologi nu bisa dipikaharti, kalayan ngamangpaatkeun élmu psikologi nepi ka meunang gambaran paripolah tokoh luyu jeung nu diungkarakeun dina tiori psikologi. Aspék psikologi dina karya sastra ditalungtik tina kajadian-kajadian nu dialaman para tokohna ngaliwatan kalimah-kalimah nu diucapkeun ku tokoh, atawa tina deskripsi jeung narasi pangarang dina téks (Hudaya, 2012 kc.3). Ku kituna, novel bisa ditalungtik kalayan ngagunakeun tinjauan psikologi sastra. Éta hal bisa ditarima kusabab sastra jeung psikologi miboga hubungan nu sipatna teu langsung jeung fungsional.

Aya tilu aliran psikologi sastra nya éta psikoanalisis, behaviorisme, jeung humanistik. Dina ieu panalungtikan dilarapkeun psikoanalisis (psikologi

kapribadian), lantaran ieu aliran dianggap mampu neuleuman sagala pangalaman jeung kapribadian manusa kalayan gemet.

Objék dina ieu panalungtikan psikologi sastra nya éta novel *Prasasti nu Ngancik na Ati* karya Popon Saadah. Ieu novel dijadikeun objék panalungtikan lantaran ieu novel dilélér hadiah Samsodi taun 2014, gambaran karakter tokohna kuat saupama diulik ku aliran psikoanalisis, jeung alesan panalungtik milih ieu novel dijadikeun objék panalungtikan téh sabab, nurutkeun panalungtik Popon Saadah mangrupa pangarang rancagé nu geus medalkeun novel nu ngangkat ngeunaan pasualan rumaja, nu kiwari novel rumaja téh langka ayana.

Popon Saadah téh salasahiji pangarang nu produktif dina nulis. Anjeunna lahir di Limbangan Garut, 13 Oktober 1966, kiwari netep di Cimahi. Mimiti nulis carpon jeung kolom dina Manglé taun 2001 nalika keur ngaréngsékeun kuliah S1 di jurusan Pendidikan Bahasa Daérah UPI Bandung. Carpon pinilihna dimuat babarengan jeung pangarang séjén dina buku kumpulan carpon “*Kanagan 2*” jeung “*Lir Cahya Nyorot Eunteung*”. Sajak-sajakna ogé dimuat babarengan jeung karya panyajak lianna dina buku kumpulan sajak “*Sajak Wanoja*”.

Dina ulikan sastra Sunda, panalungtikan ngeunaan psikologi sastra kungsi dilaksanakeun di antarana nya éta “Kajian Psikologi Humanistik kana Novel *Déng Karya Godi Suwarna* pikeun Bahan Pangajaran Apresiasi Sastra di SMA” (Hudaya, 2012), “Aspék Psikologis Carpon *Situng Kalapa Karya Iskandarwassid*” (Hapitasari, 2005), “Kajian Psikoanalisis dina Novel *Tempat Balabuh Karya Aam Amilia*” (Perdiwan, 2006), “Tokoh dina Novel *Pipisahan Karya RAF (Kajian Psikologi Humanistik)*” (Guntara, 2011), jeung (Dewiana, 2011) nya éta nu judulna “Analisis Trauma dan Dendam Hannibal Lecter dalam Novel *Hannibal Rising Karya Thomas Harris*”.

Éta panalungtikan di luhur béda ambahan jeung objék nu ditalungtikna. Ku kituna, sangkan bisa ngaguar kapribadian tokoh nu aya dina ieu novel kalayan teleb, ieu panalungtikan dijudulan “Karakteristik Tokoh dina Novel *Prasasti nu Ngancik na Ati Karya Popon Saadah* pikeun Bahan Pangajaran Di SMA (Tilikan Psikologi Sastra)”.

1.2 Rumusan Masalah

Ieu panalungtikan téh museur kana ulikan karakteristik tokoh nu aya dina novel *Prasasti nu Ngancik na Ati* karangan Popon Saadah pikeun bahan pangajaran maca di SMA (Psikologi sastra). Psikologi sastra nya éta widang élmu jiwa nu ngulik jeung neuleuman karya sastra salaku objékna (Hudaya, 2012 kc.9). Ambahan psikologi sastra dina ieu panalungtikan nya éta leuwih kana psikologi kapribadian, hususna ngagambarkeun karakteristik tokoh nu aya dina novel. Novel mangrupa prosa rékaan naratif nu bisa midangkeun rupa-rupa tokoh nu dideudeul ku latar carita nu kuat. Novel nu dijadikeun objek dina ieu panalungtikan nya éta novel *Prasasti nu Ngancik na Ati* karangan Popon Saadah, nu dipedalkeun ku Green Smart Books taun 2013. Hasil tina ieu panalungtikan téh disusun pikeun alternatif bahan pangajaran maca di SMA. Bahan pangajaran nya éta hal-hal nu bisa dijadikeun sumber diajar pikeun siswa nu miboga tujuan pangajaran. Bahan pangajaran nu dipatalikeun jeung ieu panalungtikan téh nya éta pangajaran novel di SMA kelas XI.

Sakumaha nu geus dipedar dina identifikasi masalah di luhur, di handap ieu anu dipedar dina ieu panalungtikan téh nya éta:

- a. Kumaha téma jeung fakta carita (tokoh jeung penokohan, plot, tur latar) novel *Prasasti nu Ngancik na Ati* karangan Popon Saadah?
- b. Kumaha karakteristik tokoh dumasar pamarekan psikoanalisis dina novel *Prasasti nu Ngancik na Ati* karya Popon Saadah?
- c. Kumaha larapna hasil ieu panalungtikan pikeun pangajaran maca di SMA?

1.3 Tujuan Panalungtikan

Luyu jeung rumusan masalah di luhur, ieu panalungtikan téh miboga dua tujuan, nya éta tujuan umum jeung tujuan husus. Tujuan umum dina ieu panalungtikan nya éta pikeun ngeuyeuban panalungtikan sastra nu geus aya, jeung pikeun mikanyaho karakteristik tokoh nu aya dina novel salaku salasihiji kajian nu relevan dina kritik sastra.

Sacara husus, ieu panalungtikan téh tujuanana pikeun ngadeskripsikeun:

- 1) Téma jeung fakta carita (tokoh jeung penokohan, plot, tur latar) novel *Prasasti nu Ngancik na Ati* karangan Popon Saadah?
- 2) Karakteristik tokoh dina novel *Prasasti nu Ngancik na Ati* ngaliwatan pamarekan psikoanalisis; jeung
- 3) Hasil psikoanalisis pikeun pangajaran maca di SMA

1.4 Mangpaat Panalungtikan

Unggal panalungtikan pasti miboga mangpaat boh keur diri pribadi panalungtikna atawa pikeun masarakat umum, utamana masarakat sastra. Mangpaat dina ieu panalungtikan téh dirumuskeun jadi dua, nya éta mangpaat teoritis, jeung mangpaat praktis.

1.4.1 Mangpaat Tioritis

Hasil ieu panalungtikan téh nya éta dimangpaatkeun pikeun referensi, nu bisa mekarkeun élmu pangaweruh, salaku bahan atawa sumber acuan pikeun panalungtikan ka hareupna, jeung pikeun alternatif dina ngaaprésiasi karya sastra.

1.4.2 Mangpaat Praktis

Ieu panalungtikan dipiharep bisa ngeuyeuban hasil panalungtikan sastra Sunda, tur jadi dokumentasi dina kamekaran sastra Sunda, sarta bisa ngeuyeuban pangaweruh panalungtik. Lian ti éta ogé, mangpaat praktis ieu panalungtikan téh nya éta bisa jadi bahan pangajaran basa Sunda di SMA hususna dina pangajaran aprésiasi sastra. Ku ayana déskripsi ngeunaan tokoh anu aya dina novel, dipiharep bahan ajarna bisa leuwih onjoy.

1.5 Sistematika Tulisan

Sistematika tulisan miboga fungsi pikeun méré gambaran ngeunaan léngkah-léngkah dina nalungtik hiji panalungtikan. Ku kituna, dina ieu panalungtikan dipedar ngeunaan hal-hal nu elementer jeung umum kalayan sistematika di handap.

BAB I: Bubuka

Bab I mangrupa bubuka dina ieu karya tulis wangun skripsi, anu eusina kasang tukang panalungtikan, rumusan masalah, tujuan, jeung mangpaat nu aya patalina jeung jejer panalungtikan.

BAB II: Kajian Pustaka

Dina Bab 2 eusina ngeunaan tiori-tiori dasar nu ngarojong kana masalah panalungtikan, saperti wangenan novel, kamekaran novel, papasingan novel, unsur-unsur prosa, psikologi sastra, psikoanalisis Sigmund Freud, struktur kapribadian Sigmund Freud, klasifikasi emosi, jeung bahan ajar. Dina bab 2 ogé dipedar babandingan panalungtikan saacanna jeung panalungtikan nu rék dilaksanakeun.

BAB III: Méthode Panalungtikan

Bab 3 eusina mangrupa pertélaan ngeunaan méthode panalungtikan nu eusina nya éta: 1) desain panalungtikan; 2) méthode panalungtikan; 3) wangenan operasional; 4) sumber data; 5) instrumén panalungtikan; jeung 6) téhnik panalungtikan.

BAB IV: Hasil Panalungtikan jeung Pembahasan

Bab 4 nya éta mangrupa hasil panalungtikan jeung pembahasan, eusina mangrupa data nu geus diolah, nu patali jeung masalah panalungtikan. Dina ieu panalungtikan, hal-hal anu dibahas tur dianalisis nya éta sakur hasil anu kapanggih ngeunaan gejala psikologi nu aya dina novel *Prasasti nu Ngancik na Ati* karangan Popon Saadah.

BAB V: Kacindekan jeung Saran

Bab 5 medar kacindekan jeung saran, nu nétélakeun penafsiran panalungtik kana hasil analisis panalungtikan. Kacindekan dina ieu panalungtikan ditulis dumasar hasil analisis novel *Prasasti nu Ngancik na Ati* karangan Popon Saadah. Saran dina ieu bab disusun pikeun pihak-pihak anu patali jeung panalngtikan nu geus dicangking, saperti masarakat sastra, pangarang salaku pencipta karya sastra, ogé lembaga anu patali jeung kamekaran paélmaan sastra.